

TRAVAYÈ SANTE KOMINOTÈ NACHW AK PATNÈ LI YO AP EDE W GEN AKSÈ AK TÈS POU COVID-19 KI RAPID EPI GRATIS OU KAPAB FÈ LAKAY

Konsènan opòtinite sa a

Ki opòtinite pou fè kòmann sa a?

Administrasyon Biden la angaje l pou li bay 500 milyon kit tès rapid pou fè lakay pou antijèn COVID-19 la nan chak fwaye Ameriken.

Ki kote pou nou fè kòmann yo?

Nou kapab fè kòmann yo anliy sou www.covidtests.gov/ y ap kòmanse 19 Janvye 2022.


Konbyen tès ki gen nan yon kòmann?

Chak fanmi ap resevwa yon pakè, ki gen kat (4) tès rapid antijèn pou fè lakay.

Kòman m ap resevwa tès sa yo?

Apre ou fin plase yon kòmann, y ap voye kit tès yo nan adres fanmi a atravè Sèvis Lapòs nan Etazini (United States Postal Service, USPS). Ou kapab suiv pakè ou a pandan w rantre adres imèl ou a (Li pa obligatwa).

Tanpri ale sou www.nachw.org/covidtests pou kesyon moun souvan poze.



Kisa Travayè Sante Kominotè ak Òganizasyon ki Baze nan Kominote (CBO) yo kapab fè pou ogmante aksè ak tès yo?

NACHW ak patnè nou yo rekonèt Travayè Sante Kominotè (Li gen ladan l pwomotè pou lasante, reprezantan sante kominotè, travayè sosyal, asistan sosyal, elatriye) te nan premye liy pou batay sa a depi lè li te vrèman kòmanse a, yo te itilize resous kolektif ak konesans yo pou yo jwenn pi bon rezulta nan kesyon sante pou popilasyon yo pa byen sèvi yo. Li vin pi enpòtan pou Travay Sante Kominotè yo jwenn zouti nesesè pou pwoteje kominote yo a kont maladi a. Nou vle pou yo distribiye kit sa yo bay pi fò Travayè Sante Kominotè ak manm kominote ki posib.

Lè w vizite www.nachw.org/covidtests epi w enskri pou w vin yon patnè NACHW ou kapab asire w ou resevwa Mizajou nan menm moman an sou kòmann kit ak lòt opòtinite pou COVID-19 la.

**www.nachw.org/covidtests nan yon lang ki aksesib.
Enfòmasyon sa yo disponib an Anglè, Panyòl, Chinwa Senplifye,
Koreyen, Vyetnamyen, ak Mandaren**